Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 33 (7537)
18 август
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Аппараталъул данделъи

## Аслиял суалалгун



I5 августалда районалъул администрациялда букIана иргадулаб плановияб аппараталъул данделъи. Гьелъие нухмалъи гьабулаго байбихьудаго ГI. НурмухIамадовас данделъаразул лъай-хъвай гьабуна лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралевлъун тIамурав МухIамад МухIамадовасулгун, гьарана гьесие хIасил кьолеб хIалтIи.

ТIоцебесеб суаллъун данделъиялъул къойил темаялда букIана цIияб цIалул соналде лъай кьеялъул школал хIадур ругеб куцалъул. БетIерасул зам. Къ-М. ХIасановас бихьизабуна 20 августалде киналго школал лъимал къабул гьаризе хIадур ругилан. -ТIуранго лъугIун руго гьенир ремонталъулал хIалтIаби. Гьединго учительзабазул августалъулаб совещание тIобитIизе чIезабун буго 25 августалда. Гьенирго рицана гIуцIиялъулал суалазул.

Хадуб ГI. НурмухIамадовас киналго ахIана «Собери ребенка в школу» ТIолгороссиялъул акциялда гIахьаллъизе, цIияб цIалул соналде дагьго хьезарурал хъизаназул лъималазе, хIажатазе адресалъулаб кумек гьабизе.

Бицана совещаниялда миллиял проектал нилъер муниципалитеталда тIуралел ругел куцалъул. Гьеб суалалда хурхун информация гьабуна районалъул администрациялъул бетIерав архитектор ХI-М. ГIабдурахIмановас. Гьес бихьизабуна щибаб объекталъул хал гьабун бугин, лъазарун ругин хIалтIул этапал ва лъугIулеб заман.

Гьеб суал тIубазабиялда ва качествалда хадуб кидагосеб хьаравуллъи букIине кколин тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас.

Гьединго суал хьатIана туристазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда, гьел къабул гьариялда, кинабго туристазулаб инфраструктураялда.

Данделъиялда гIахьаллъараз кIвар буссинабуна районалда бугеб хIалалде, санагIалъаби чIезариялде, санитарияб хIалалде, хасалиде хIадурлъиялде ва цогидалдеги.

Ахиралда данделъиялъул хIасилалги гьарун муниципалитеталъул бетIерас тIоцебесеб кIваралъул суалазда хурхун жавабияб тIадкъаял кьуна.

Имам Шамиль гьавуралдаса – 225 с.

## Нухмалъиялъ тадбирал хIисабалде росана



I6 августалда районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда аслияб суаллъун букIана 27 августалда «АхIулгохI» мемориалияб комплекс бугеб бакIалда тIобитIизе бугеб имам Шамиль гьавуралдаса 225 сон тIубаялде буссараб мажлисалъе гьабизесеб хIадурлъиялъул. Гьеб мурадалда тIобитIараб данделъиялъе нухмалъи гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. ГIахьаллъана зам. Къ-М. ХIасанов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, «АхIулгохI» ДРООялъул директор Гъ. ГIабдулаевги.

«Сундасаго цебе гIуцIизе ккола тадбиралде рачIаразе хIинкъи гьечIолъи букIинаби, тIаде гьалбал къабул гьаризе ккола мустахIикъаб хIалалда»,-ян тIадчIей гьабуна кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас.

Данделъиялда хабар ккана тадбир гIуцIизе бугеб куцалда, гьалбал къабул гьариялда ва цогидалги суалазда хурхун, щибаб ишалъе рихьизаруна жавабиял. Гьедин мажлисалда ругезе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул суал тIад къана бетIерасул заместитель Мух1амад ХIамзатовасда, цогидал рахьал культураялъул отделалда.

ДандчIвай

## ВатIан цIуни – щивасул налъи



Гьал къоязда районалъул Рагъулаб Комиссариаталда букIана гIолилал армиялде ахIиялде буссараб иргадулаб ва хасаб дандчIвай. Гьелъул гIахьалчагIилъун рукIана районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуров ва районалъул имам М. ГIабдулвахIидов.

Гьениб гьоркьор лъуна гIолилаз призывалъул кампаниялда гIахьаллъи гьаби, хъулухъ гьабулел нилъерго гIолилазе «Горячая линия» гIуцIи, цогидалги гьабсагIаталда Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда хурхарал суалал.

Гьенибго бихьизабуна Армиялда хъулухъ гьаби щивав гражданинасул налъи бугин. Жакъа гIадинаб ВатIаналда захIматаб хIал бугеб заманалда цIакъго кIвар бугин гьелъул, гьеб бичIчIизе ккола Армиялда хъулухъ гьабулезда. ВатIан цIуни бугелъул щивасул намусалъулаб иш.

Призывалда хурхарал цереккун рахъарал материалаздаго гIадин бихьизабизе бокьун буго, призывникал ритIизе гьечIо Украиналъул ЛНР ва ДНРалъул территориялда спецоперациязде гьорлъе. Киналго призывалде гьоркье ккарал гIолилазул хъулухъ гьаби ине буго Россиялъул Федерациялда. Щивав призывник хасаб хьаравуллъиялда гьоркь вукIине вуго районалъул нухмалъиялъул.

Гьелъул хIакъалъулъ гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе буго нухмалъиялъул вакилзабаз.

## Ишал тIуралевлъун тIамуна



Гьал къоязда хас гьабун «Лъай кьеялъул отдел» МКУялде нухмалъулесул ишал тIуралевлъун тIамуна Рихьуни росулъа МухIамадов МухIамад ХIайбулаевич. Лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъабазулгун гьесул лъай-хъвай гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул зам. Къ-М. ХIасановас. Жиндирго кIалъаялда Къ-М. ТIагьировичас М. МухIамадовасе гьарана тIубазабулеб хIалтIулъ рагIа-ракьанде щвей, коллективалда хIалтIи гьалдолеб гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIал.

## COVID-I9 цIикIкIунеб буго

COVID-I9 тIибитIиялда хурхун цIидасанги лъикIаб гьечIеб хIал буго Дагъистаналда. Жакъа къоялде гьелъ унтарал гIадамазул къадар бахун буго I05 чиясде, гьездасан I4 ккола лъимер. Къойидаса къойиде цIикIкIунеб буго положительниял тестал. Унти цIикIкIаразда гьоркьор руго Буйнакск, Тарумовск, Хасавюрт районал, Дербент, Гъизляр, Каспийск шагьарал

Семинар

# Тренинг - «За Россию»



II-I2августалдарайоналъуладминистрациялда тIобитIана семинар-тренинг. Тадбир ана «За Россию» проекталъул рамкаялда жаниб. Гьеб гIумроялде бахъинабулеб буго «Нет алкоголизму и наркомании» абураб ахIиялда гъоркь, «Россиялъул благотворительнияб фондалъ. Гьеб гIумроялде бахъинабиялъе РДялъул миллияб поли- тикаялъул ва диниял ишазул Министерствалъ чIезабун буго грантги.

КIиго къойил цIали хIисабалда гIуцIараб тадбиралда ру- кIана лекциял, тренингал, практическиял занятиял, экстремизм-терроризмалде данде чIеялде русарал хIал- тIабазул комплекс.

Семинар-тренингалъул рамкаялда жаниб лъазаруна гьадинал модулал: масала, гIадамазул гражданлъиялъул идентичностальул ва социалиялгун проекталъулал жал, хасго гIолилазул политикаялда хурхун.

Тренинг лъугIун хадуб киналго гIахьалчагIазе кьуна сайгъатал.

Хехаб кумек

# Нухмалъиялъе ва рагъулаб часталъе - баркала

Гьале анлъабилеб августалда Шамильхъала поселокалда бугеб больница гьекъезе ва чура-хури гьабизе лъимги гьечIого хутIана. Поселокалда бугеб ЖКХялъул управлениялъул на- чальник ГIабдулх1амидов АхIмадица бицана лъим кьабулел насосал къачIалел рукIиналъ кканин гьедин,- абун. Неврологиялъул отделалъул зав. МухIамадова СалихIатилги поселокалъул администрациялъул бетIер МаллахIусен ХIажиевасулги гьариялда рекъон пограничнияб заставаялъул машинаялъ лъим бачIана ва хехаб куцалда киналго отделениязда лъимги чIезабун гьеб суал тIубана.



Гьединлъидал Шамильхъалаялъул администрациялъул бетIер МаллахIусен ХIажиевичасе гьединго поселокалъул ЖКХялъул нухмалъулев АхIмад Г1абдулх1амидовасе, 7620 войсковияб часталъул командир Шамиль Къурбановасе, лъим босун вачIарав Фарид Бабаевасе ракI- ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго поселокалъул больницаялъул коллективалъ.

Данделъи

# КIвар бугел суалалгун





I7 августалда районалъул администрациялда букIана Шамильхъала поселокалда ва ХинлъимитIагун Рихьуни росабалъ лъел ругел санагIатбахъи лъугIизабиялъул, гьединго туризмалъул заманалда районалде рачIунел туристазе талихIкъосинал ккунгутIи мурадалда гьаризесел хIалтIабазул бицунеб данделъи. Гьениб районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна цIияб насос босизе бугин ва туристал унел бакIазда цIодорлъиялъулгун бичIчIи кьей, гьединго бегьулеб щулалъиялъул хIалтIаби гьаризе ругин.

Поздравления

# С Днем рождения!



Сегодня свой день рождения отмечает Заместитель Председателя Правительства РД — министр по земельным и имущественным отношениям РД Заур Эминов.

Примите самые искренние поздравления с Днем Вашего рождения!

Пусть в Вашей жизни всегда случаются только самые позитивные события! Пусть Вас всегда окружают только самые любящие и преданные, верные люди! Пусть дело, которому Вы отдаете все свои силы, опыт и знания, приносит Вам только радость и удовольствие!

Счастья Вам, крепкого здоровья и бодрости духа!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Нурмагомедов**

# С Днем физкультурника!

Уважаемые спортсмены и тренеры, ветераны спорта, энтузиасты физкультурно-спортивного движения и любители здорового образа жизни Унцукульского района!

От имени администрации муниципального района «Унцукульский район», от депутатов районного Собрания и от себя лично примите поздравления с Днем физкультурника!

Физическая культура и спорт являются одним из стратегических направлений государственной и региональной политики. Ведь спорт это важный фактор в воспитании молодого поколения, за которым наше будущее и славные победы. Хорошая физическая подготовка, позитивное мышление, здоровый образ жизни – это вклад в здоровье каждого из нас и будущее здоровой нации. Этот праздник объединяет профессиональных спортсменов, тренеров, всех работников сферы физической культуры и спорта. День физкультурника празднуют люди пропагандирующие здоровый образ жизни, черпающие энергию в занятиях спортом и те, кто видит в этом силу, способную улучшить самочувствие человека.

Сегодня спорт и здоровый образ жизни все больше покоряют сердца жителей Унцукульского района. Не уменьшается, а растет с каждым годом число спортсменов, которые успешно выступают на соревнованиях, завоевывая звания победителей и призеров. Мы гордимся профессиональными победами наших земляков, прославляющих Унцукулький район. Абсолютно уверен, что высоких спортивных достижений не бывает без малых побед. Считаю важным развитие массового спорта, где каждый житель может проявить себя. Сегодня для многих спорт стал неотъемлемой частью жизни. Выражаем особую благодарность ветеранам, которые своей стойкостью духа, целеустремленностью дают пример молодежи и приобщают к здоровому образу жизни.Мы верим, что спортивное движение в районе и впредь будет крепнуть и развиваться, а наши земляки еще не раз уверенно заявят о себе яркими победами и новыми рекордами на состязаниях от районного до международного уровней.

Искренне желаем всем вам крепкого здоровья, отличного настроения и новых спортивных достижений и побед!

**С уважением Глава администрации МР «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 33 (7537)
Хамиз
18 август 2022 сон

3 гъумер

**Садовод**

Страница в номере



## С 22 по 24 августа состоится Республиканский форум добровольцев-наставников

С 22 по 24 августа 2022 года в с.Новокаякент, Каякентского района на площадке детского оздоровительного лагеря «Надежда» состоится Республиканский форум добровольцев-наставников (далее - Форум).

Форум проводится в рамках реализации проекта «Школа добрых дел. Наставник» - победителя конкурса «Регион добрых дел» 2021 года.

Цель Форума - развитие системы наставничества и преемственности среди активных граждан, регулярно занимающихся добровольчеством и готовых направить свои знания, умения и навыки на работу по развитию школьного добровольческого движения.

В рамках Форума пройдет образовательная программа по общей траектории развития каждого участника как наставника, который по итогу Форума сумеет создать школьный добровольческий отряд, спланировать деятельность отряда, провести социально полезные мероприятия и овладеет технологиями поиска партнеров.

На форуме могут участвовать работники отделов по делам молодежи ответственных за добровольческую деятельность, руководители и координаторы добровольческих объединений, лидеры и активисты волонтерских отрядов старше 18 лет.

Прием заявок осуществляется на портале Добро.ру (ссылка на мероприятие https://dobro.ru/event/10208796).

К участию допускаются кандидаты, прошедшие отбор по итогам заявочной кампании и имеющие сертификат о вакцинации.

Расходы на проезд до места проведения и обратно осуществляются за счет направляющей стороны. Расходы на питание и проживание обеспечивает принимающая сторона.

Дополнительную информацию можно получить по телефону 8(988)639-33-51 - **Абдурахманов Ахмед Гамзатович** - начальник отдела по проектной деятельности и развитию добровольчества АНО «ДоброДаг».

## Министерство культуры РД объявляет о старте творческого конкурса «Поле битвы – сердца людей».




Министерство культуры РД объявляет о старте творческого конкурса информационных материалов по противодействию идеологии терроризма «Поле битвы – сердца людей».

Конкурс пройдет в 3-х номинациях:

- информационный материал в области литературы, журналистики (по противодействию идеологии терроризма),
- информационный материал в области теле-и киноискусства (по противодействию идеологии терроризма),
- информационный материал в области изобразительного искусства (по противодействию идеологии терроризма).

Прием заявок — до 5 сентября 2022 г.

Торжественное закрытие с награждением победителей состоится 26 сентября 2022 года в Театре поэзии (г.Махачкала).

Конкурс проводится ГБУ РД «Театр поэзии» в рамках реализации пункта 41 госпрограммы РД «Комплексная программа противодействия идеологии терроризма в РД».

Положение о конкурсе доступно по ссылке.

## Объявление

Уважаемые сельхозтоваропроизводители (ООО, СПК, СПоК, КФХ, ЛПХ), а также предприниматели, осуществляющие реализацию плодов (фруктов).

Министерство сельского хозяйства и продовольствия РД сообщает, что предлагается строительство малых объектов хранения плодов (холодильных камер до 50 – 75 тонн единовременного хранения). Планируется использовать узлы и агрегаты российского производства за исключением нескольких позиций.

Реализация подобных проектов наиболее экономически оправдана для сельхозтоваропроизводителей, имеющих площади садов от 2-10 Га, а также предпринимателей, занимающихся реализацией плодов.

Для установки оборудования предоставляется лизинг 5 или 5,8 млн. руб. Желающие установить данное оборудование для хранения плодов за подробной информацией могут обратиться в отдел сельского хозяйства администрации Унцукульского района.

# Газовый баллон в машине

**Взрывоопасно ли ГБО**

Используемый газ, будь то пропан или метан, не имеет ни цвета, ни запаха. Не важно, жидкий он или сжатый.

Чтобы можно было почувствовать утечку, в газ добавляют специальные составы – одоранты.

Запах можно почувствовать задолго до того, как концентрация газа в воздухе станет взрывоопасной. Кстати, пропан в этом плане немного опаснее, чем метан, но за счет меньшего давления система на пропане в целом оказывается безопаснее.

Но даже сильно насыщенный газом воздух так просто не воспламенится. Нужна хорошая искра.

Поэтому взрывоопасность ГБО нужно рассматривать в комплексе с оценкой состояния других систем автомобиля. Сам по себе газовый баллон не взрывоопасен абсолютно. Толстые стенки не дадут и шанса через них просочиться.



Разве только, если баллон «разопрет» по швам.

Статистика упорно говорит о том, что газ не более опасен, чем бензин, и его недостатки не настолько критичны, чтобы отказаться от ГБО совсем. А установки 4-го поколения, управляемые электроникой, вообще считаются безопасными.

**Причины взрывов**

Большую опасность, конечно, предоставляют агрегаты и соединения ГБО. Или столкновение, хотя запорная арматура с предохранительными клапанами способна минимизировать риск. Тут возможны варианты с превышением давления выше нормы и протечки – со всеми очевидными последствиями.

Давайте рассмотрим, почему взрываются газовые баллоны в машине. Основными причинами являются:

*низкое качество агрегатов системы и неправильная настройка;

*утечки из-за микротрещин и коррозии;

*нарушение герметичности в результате ударных нагрузок;

*перегрев баллона;

*переполнение свыше нормы.

Особое внимание хочется обратить именно на первый пункт. От качества ГБО и его правильного обслуживания зависит очень многое. Конечно, нельзя пренебрегать элементарными мерами предосторожности при заправке и использовании.

**Что делать, чтобы избежать опасности**

Если в машине взорвался газовый баллон, то водителю и пассажирам может помочь только чудо.

Мгновенно возникший пожар уничтожит всё и всех. Чтобы такого не случилось:

*Надо изначально выбирать качественное ГБО и правильного установщика.

*Правильные монтаж и тестирование системы, а также ее настройка и обслуживание возможны только в условиях специализированных станций.

*Во время заправки важно следить за тем, чтобы залили или закачали «правильный» газ и не более допустимого объема.

Соединения магистралей необходимо регулярно проверять мыльным раствором. Важно соблюдать периодичность обслуживания ГБО.

*При появлении запаха необходимо остановиться, выключить двигатель и проветрить салон. Повторный запуск возможен только после выявления причины.

Чтобы не было неприятных ситуаций, нужно ознакомиться с правилами пользования и обращения с газовыми баллонами.

Нижехъе хъвалеб буго

# Цо хъизан гIадинаб больница

**Ассаламу гIалайкум, хириял «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъаби! Дун ккола Хасавюрт районалъул Первомайский школалда хIалтIулев директорасул заместитель. ГьабсагIаталда дун вегун вуго Унсоколо районалъул Шамильхъала поселокалъул больницаялда. Нужер «Ахихъан» газетаги гьоркьоб ккун, баркала загьир гьабизе бокьун буго дун сах гьавулел ругел врачазе, гьединго божилъи буго нужеца гьаб дир макъала газеталда бахъилилан.**

**Жибго поселок буго цIакъго берцинаб, гьаниб гIумро гьабулел руго Алжаналъул гIадамалгIан гIамал берцинал. Киса-кирего сверухъан мугIрулгун ахал, аскIосан чвахулеб бацIцIадаб Авар гIор. Алжаналъул цо бутIа,-ян тезе бегьила жибго поселок.**

**Дие бицине бокьун буго больницаялда хIалтIулел цо-цо хIалтIухъабазул хIакъалъулъ, унтаразул гьез гьабулеб адаб-хатиралъул, гьездехун бугеб бербалагьиялъул.**

ТIоцебесеб иргаялда дие бицине бокьун буго унго-унгояй магIару лай, ракIги-мацIги бацIцIадай, гIаданлъи бугей, унтаразда гурхIулей, цадахъ хIалтIулезги адаб гьабулей, тIадегIанаб махщелалъул врач АхIмадова УмахIабиятил. Гьелъие щунги буго «ТIадегIанаб категориялъул врач»,- абураб цIар. Дида рокъов вукIаго бицун букIана УмахIабиятил махщалил ва гIаданлъиялъул, унтараздехун букIунеб лъикIаб бербалагьиялъул. Гьале дун больницаялда вегун буго щуго къо. Кутакалда рохелхинлъиялда руго ниж гьанир. Хасго УмахIабиятида сверухъ ругел хIалтIухъаби гьелдаса цIакъ разиго ругоан.

ГьабсагIаталда УмахIабият гIадинал хIалтIухъаби къанагIат гурони ратиларин абизе бегьула. Дица гьикъана ичIабилеб палатаялъув вегун вугев АсхIабгIалиев Аскерида УмахIабиятил тохтирлъиялъул хIакъалъулъ, гьес абуна жив больницаялда вегун кIиго-лъабго къо бугин, амма УмахIабиятил дарабаз унти гIодобе бачIанин. УмахIабиятилгун букIараб гарачIвариялдаса хадуб мухIканго бичIчIана гьелъул унтарал гIадамаздехун бугеб рокьихинлъи, лъикIаб, ракI бугеб балагьи. Гьединаб бербалагьи чиясул букIуна бищунго гIагарал чагIаздехун. УмахIабиятица абуна жиндир мурад бугин унтарал сахлъи ва тIокIалъ дарабазде гьел руссине ккунгутIи.

Цойги дир кIалъай ккана лъабабилеб палатаялъув вугев Камилбеков Багьавудинилгун. Гьес бицана жив больницаялде ккаинн давление гIодобе ккун 60х20. Амма УмахIабиятил хехал тадбираз сахлъи тIад буссанин. Гьале дунгун цо палатаялда вегун вуго кIикъого соналъ школалда хIалтIарав мугIалим, Унсоколо районалъул Балахьуни росулъа Малачиев Пирбудагъ. ЦIакъ гIаданлъи бугев чи вугоан гьев, дирги гьесулги лъикIаб гьудуллъи ккана. Гьес цIакъго ецщана УмахIабият.

Нервологиялъул отелалда хIалтIулей ГIабдулхаликъова Бариятица бицана гьей цIакъ гIаданлъи бугей, унтараздехун ва цадахъ хIалтIулездехун елъун гурони кIалъаларей врач йигин. Гьединго гьей ецщана медсестра Аминат Садрудиновалъ, санитаркаби ПатIимат СалихIовалъ, Загьра МухIамадовалъ.

Дица гIажаиблъи гьабула больницаялда бугеб рацIцIалъиялъухъ балагьун, тIугьдуца берцин гьабун ругоан вестибюлал, рацIцIалъиялъ цIвакун руго палатаби ва кабинетал. Унтарав чиясе буго данде кколеб кваназе квен ва дараби. Гьелъул рахъалъ гьаниб кинабго кколеб къагIидаялъ гIуцIун бугин абизе бегьула. Жив-жив унтарав чисе унтиялда рекъарал дараби гьарулел руго, столалда къеда бан буго кванил меню, щивав унтарасе данде кколеб кьолеб бугоан квен, цIакъго унтарав ва херав чиясе палатаялъубе щвезабулеб бугоан гьеб.

Цойги лъикIазда гьоркьой рикIкIине бегьула МухIамадова ПатIимат НурмухIамадовна. Унтаразде гурхIараб бербалагьи бугоан гьелъул. ПатIимат лъебералда микьго соналъ больницаялда хIалтIун йиго медсестралъул. Аваданаб хъизаналъул эбел ккола гьей. Гьелъул ругоан кIиго яс ва цо вас, гьелги лъабалго медициналъул академиялда цIалулел руго.

ПатIиматица тIалаб гьабулеб палатаялда регун ругел унтарал МухIамадова ПатIиматица, Садулаева Хадижатица, МухIамадова Хадижатица гьелъие цIакъго лъикIаб къимат кьуна, абуна гьей унго-унголъунги Аллагьас унтарав чиясе хъулухъалъе йижарай гIадан йигин.

Гьале гьаб моцI байбихьидал отпускалдаса ячIана отделениялъул зав. СалихIат МухIамадовна. Гьелъулгун гара-чIвари гьабулаго гьелъ бицана жий йохарай йигин гьадинаб аваданаб коллективалда хIалтIизе щвеялдаса,-абун. I995 соналдаса нахъе хIалтIулей йигин жий отделениялъул заведующаялъун,-ян бицана гьелъ. Жиндирго хIалтIухъабаздаса кутакалда разиго йигоан СалихIат.

Щиб кумек гьарилеб тIад ругел органаздасан,-ян гьикъидал гьелъ абуна; лъел къварилъи бугин. Сверухъ рарал минабазул къадар цIикIкIиндал, больницаялъе лъим гIолеб гьечIоан.

Ахиралда дие дирго рахъалдасан абизе бокьун буго; унго-унгоял, унтаразда ракIги бугел, гьезие кколеб хъулухъги гьабулел, унтаразда нахъа цо хъизан гIадин чIолеб коллектив бугин поселокалъул больницаялда,- абун. Къварилъи-гIатIилъиги цадахъ бачунел, унтарав чиясул къварилъи жиндирго гIадин къабул гьабулел гIадамал ратана дида гьенир. Дие гьезие гьаризе бокьун буго щулияб сахлъиги, рохалилаб гIумроги, баракатаб рикъзиги. Аллагьас гьезул хъизаназе рохелги, талихIги, сахлъиги кьеги!

**ХIусен ГIАБДУЛВАГЬАБОВ.**
**Хасавюрт район**
**Первомайское росу.**



## Дагьабго гьими

Цояв унтун, херлъун къадаралде щолев вуго. Гьес нотариусасе цIалулеб буго васият.

-Дир лъадуе, гIумролъего брилианталъул пояс ва шуба босизе бокьун букIарай, кьолеб буго дирго цебегосеб кресло-качалка. Гьелда тIад кутакалда анищал гьарула.

* * *

Врачас унтарасда абула: «Мун кIола тIуванго сах гьавизе пианиноялда хIай тани»,- абун. Пациент нахъе унаго тIаде ячIарай медсестраялъ гIажаиблъун врачасда гьикъула. «Щиб гIаммаб жо бугеб унтарасдаги пианиноялдаги гьоркьоб?»,-абун.

-Буго гIаммаб жо,-ян абула врачас. Гьеб бачунеб букIуна кидаго дир мокърукь бакIалда тIад,-абун.

* * *

ГьитIинабго шагьаралъул базаралда. Радал мех. ЧIужугIаданалда цеве чIого кIикъогоялдаса гIумро авав чи ва абула:

-Дихъе хIал бихьизе кье доб



колбаса,-абун. Кьола гьелъ гьитIинабго кесек. Хадубги довго чияс абула, гьобцоябги кьеян.

Йичарухъаналъ абула гьеб цIакъ перец гIемераб бугин, цогияб бихьизабула бихьинчияс. Гьебги тIагIам гьечIеб бугилан абула чIежугIаданалъ. БоцIул гьечIищ нужар гьаниб колбаса. Гьале гьаб буго, кье хIалбихьизе,-ян тIаса вичIуларо бихьинчи.

Вай, дуда нахъа кIудияб ирга лъугьун бихьула. ТIаса лъугьа, дица нужее квал-квал гьабуна,-ян абуна гьес жиндаго нахъа ругезда.

Иргаялда чIаразул цояс ахIула:

-КIваричIо, кIваричIо, дуца радал квен кванай, ниж ралагьун чIелин,-абун.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 17 . 8. 2022 г.
16. 50
фактически -14. 40 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.